



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN NEW YORK WINE CLASSIC 2022 YO

Koup Gouvènè a te prezante bay Hazlitt 1852 Vineyards ak Wölffer Estate Vineyard

Nonmen Weis Vineyards kòm eksplwatasyon vitikòl ane a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan 36èm New York Wine Classic anyèl la, yon konpetisyon ki selèb onivo nasyonal ki mete aksan sou pi bon diven York yo. Pandan yon evènman vityèl an dirèk ki te òganize pa New York Wine & Grape Foundation, Gouvènè Hochul prezante Koup Gouvènè a, ki se prim ki gen plis valè nan konpetisyon an, bay de eksplwatasyon vitikòl nan yon egalite sipriz. Yo te prezante prim lan bay Solera Sherry ki soti nan Hazlitt 1852 Vineyards nan rejyon Finger Lakes la ak Diosa Late-Harvest 2020 ki soti nan Wölffer Estate Vineyard nan Long Island. Anplis de sa, Weis Vineyards ki soti nan Finger Lakes te resevwa prim "Eksplwatasyon Vitikòl Ane a" (Winery of the Year), ke yo prezante bay eksplwatasyon vitikòl la ak pi bon pèfòmans an jeneral.

"New York Wine Classic selebre sa ki pi bon nan endistri diven ak rezen New York yo, epi gayan ane sa a se egzanp eksepsyonèl gwo kalite diven nou te vin konnen ak renmen nan Eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite Hazlitt 1852 Vineyards, Wölffer Estate Vineyards, ak Weis Vineyards paske yo te resevwa prim prestijye sa yo. Endistri diven an se yon pati esansyèl nan ekonomi agrikòl New York la e mwen fyè pou m sipòte inovasyon, kwasans ak siksè kontinyèl eksplwatasyon vitikòl ak kiltivatè nou yo."

"New York beni ak anpil òf eksplwatasyon vitikòl fantastik nan tout Eta New York soti nan Long Island rive nan Lwès New York", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Pandemi an te kreye defi ekstrawòdinè pou endistri diven an, eksplwatasyon vitikòl ak vinyòb New York yo te adapte, ak kontinye kreye kèk nan pi bon diven nan peyi a, Eksplwatasyon vitikòl sa yo te ede kontribiye nan vitalite ekonomik eta sa a ak kominote yo e yo te fè Eta New York tounen yon destinasyon diven prensipal."

Òganize chak ane pa Fondasyon Rezen & Diven Eta New York (New York Wine & Grape Foundation, NYWGF), New York Wine Classic selebre yon divès kalite seleksyon diven klas mondyal ki soti nan men pwodikte yo anndan Eta a. Pou dezyèm

ane a, NYWGF te fè patenarya ak Enstiti Tès Bwason (Beverage Testing Institute, BTI) an pou jije diven ke yo soumèt yo. Panèl sansoryèl ki antrene pa BTI a te bay nòt ki gen ladann direktè bwason yo, jeran diven yo, gwo baman yo, achtè an detay yo, ak edikatè yo.

Anplis de genyen Koup Gouvènè a, Hazlitt 1852 Vineyards te resevwa yon meday platinòm epi a egalite pou Pi bon Diven Desè pou Solera Sherry pa yo a. Hazlitt 1852 Vineyards, ki chita nan Hector, Konte Schuyler, te etabli an 1985 pa defen Jerry Hazlitt ak madanm li Elaine. Fanmi an t ap grandi rezen ak fwi vèje kòm biznis pa yo depi 1852. Kounye a, se manm fanmi sizyèm jenerasyon Doug Hazlitt ak Leigh (Hazlitt) Triner k ap jere eksplwatasyon vitikòl la ak jaden rezen an.

Anplis de ranpòte Koup Gouvènè a, Wölffer Estate Vineyard te mennen yon meday platinòm lakay li epi li te genyen a egalite pou Pi bon Diven Desè ak Diosa Late-Harvest 2020 pa yo a. Wölffer Estate Vineyard, ki chita nan Sagaponack, Konte Suffolk, yo konnen li kòm youn nan pi bon pwodiktè sou kòt Lès la ak yon sant pou inovasyon ak ospitalite pandan plis pase 30 ane. Fonde an 1988 pa Christian Wölffer, se pitit li yo, Marc ak Joey Wölffer, ak Vinyewon/Patnè Roman Roth, ki posede ak opere pwopriyete a.

Anplis prim Eksplwatasyon Vitikòlpou Ane a, Weis Vineyards, ki chita nan Hammondsport, Konte Steuben, te mennen lakay li tou yon meday platinòm ak prim Pi bon Diven Woz pou Dry Rosé 2021 pa yo a, ansanm ak prim pou Pi bon Diven Blan pou Winzer Select Riesling A 2020 pa yo a ki te resevwa yon meday lò. Yo te mennen lakay yo meday an lò tou pou Merlot 2019 pa yo a, Zweigelt Rosé Sèk 2021, Diven Glas Riesling 2017, Diven Glas Riesling 2019, Riesling Semi Sèk 2020, ak Riesling Sèk 2020 pa yo. Vinyewon Hans Peter Weis, pwopriyete Weis Vineyards, te fèt nan Zell Mosel, Almay e li te grandi nan jaden rezen yo ak kavèn nan eksplwatasyon vitikòl fanmi li. Se la ke li te genyen pasyon li pou diven. Nan sezon prentan 2016, li menm ak madanm li Ashlee, yon natif natal nan Finger Lakes, te deside yo ta kòmanse avanti sa a ansanm epi ouvri Weis Vineyards. Li te reyalize Finger Lakes se kote ki pafè pou pouswiv pasyon li nan diven atizanal tradisyonèl nan estil Alman pou tout moun jwi.

Samuel Filler, Direktè Egzekitif New York Wine & Grape Foundation, te deklare, "Nou swete pwolonje felisasyon nou bay tout gayan yo, epi rekonèt de ekplwatasyon visikòl istorik ak enpòtan ki te ranpòte twofe Koup Gouvènè a nan egalite. Yo, ansanm ak Eksplwatasyon Vitikòl pou Ane a, Weis Vineyards, se egzanp pafè sou lajè ak pwofondè bon jan kalite diven New York ka pwodwi. Soti nan Long Island rive nan Finger Lakes, soti nan diven sèk RIVE nan diven desè, New York vrèman gen yon bagay pou chak amatè diven. Ala yon avanti sa ta ye pou planifye yon vizit pou chak ganyan sa yo ete ak otòn sa a."

Leigh Hazlitt-Triner, Ko-PDG nan Hazlitt 1852 Vineyards, te deklare, "Se yon onè pou nou resevwa Koup Gouvènè ke yo te sitèlman konvwate. Prim sa a se yon temwayaj pou ekip vinewon ak jaden rezen ki gen talan epi ki travay di nou yo; nou pa ta ka pi fyè."

Roman Roth, Vinyewon & Patnè, Wölffer Estate Vineyard, te deklare, "Aksyon biwo Gouvènè New York la ki panse pou lavni an te enpòtan nan siksè ak pwogresyon endistri diven New York la. Resevwa Koup Gouvènè a nan New York Wine Classic la se yon etap enpòtan ak yon reyalizasyon fantastik pou yon eksplwatasyon vitikòl. Prim sa a se pou pwopriyetè Joey ak Marc Wölffer, pou CEO nou an Max Rohn, pou pi bon manadjè Vineyard la Richie Pisacano, ak pou tout ekip eksepsyonèl nou an."

Peter ak Ashlee Weis, nan Weis Vineyards, te deklare "Waw! Nou tèlman onore pou nou resevwa rekonesans sa a pou travay di nou. Kòm yon eksplwatasyon vitikòl ki nouvo, sèlman senk ane, sa a se yon onè inatandi. Sa vle di anpil pou kwasans ak siksè kontinyèl nou. Nou mete kè nou ak nanm nou nan biznis nou an, epi nou debòde ak rekonesans pou prim sa a. Nou ta renmen remèsye tout ekip Weis nou an, paske nou pa t ap isit la san yo. Zum Wohl!"

Yo te anonse tou gayan ki "Pi bon nan Kategori" New York Wine Classic yo jodi a tou. Yo se:

Pi bon Diven wouj

Keuka Lake Vineyards 2020 Leon Millot

Pi bon Diven Blan

Weis Vineyards 2020 Winzer Select Riesling A

Pi bon Diven Petiyan

Dr. Konstantin Frank 2017 Blanc De Blanc

Pi Bon Diven Woz

Weis Vineyards 2021 Rosé Sèk

Pi bon Diven Desè

Hazlitt 1852 Vineyards Solera Sherry

Wölffer Estate Vineyard 2020 Diosa Late-Harvest

Pi Bon Diven Espesyalite

Eksplwatasyon Vitikòl Ellicottville Red Raspberry Wine

Ou ka jwenn gayan "Pi Bon Klas" nan New York Wine Classic la [isit la](#).

Jijman pou New York Wine Classic la te fèt soti 15 avril jiska 15 jen 2022 epi li te enkli 694 antre soti nan 101 eksplwatasyon vitikòl atravè eta a. Yo te atribye yon total sèt meday platinòm, 234 lò, 324 ajan, ak 110 bwonz.

Komisè Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Agriculture and Markets), Richard A. Ball, te deklare, "Gras a patnè nou yo nan New York Wine & Grape Foundation, New York Wine Classic se yon opòtinite chak ane pou leve yon vè

nan endistri diven inovan, klas mondyal New York la. Mwen felisite tout venkè yo poutèt devouman yo nan bon jan kalite, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò pèmanan li pou anpil pwodikè bwason atizanal New York yo."

Prezidan Administrasyon Alkòl Eta a Vincent G. Bradley, te deklare, "Pa ge okenn eta ki te fè pi plis pou kapab ede ak pwomouvwa fabrikasyon bwason atizanal pase New York. Epi ak travay kontinyèl ak sipò Gouvènè Hochul, pa gen okenn dout sou rezon ki fè New York se youn nan senk eta ki klase an premye pou diven nan peyi, ane apre ane. New York Wine Classic se yon opòtinite formidab pou non sèlman montre kèk nan pi bon diven nan Etazini, men tou pou selebre siksè kontinyèl endistri bwason atizanal nou an. Bravo pou ganyan ane sa a ak endistri diven Eta New York la, ki se yon sous fyète, kreyatè travay ak motè touris atravè eta nou an."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Vinyewon ak plantè rezen klas mondyal New York yo mete eta nou an sou kat jeyografik la kòm yon eta prensipal nan pwodiksyon diven pandan l ap estimile touris lokal yo epi ranfòse ekonomi lokal yo ki sipòte sektè agrikòl enpòtan sa a. New York Wine Classic anyèl la se yon opòtinite pafè pou selebre travay eksepsyonèl moun, biznis ak kominote yo ki alimante endistri diven ak rezen nou yo, epi mwen ta renmen felisite onorab gayan ane sa a ki se Hazlitt 1852 Vineyards, Wölffer Estate Vineyard, ak Weis Vineyards pou rekonpans pa yo."

Donna Lupardo, ki se Prezidan Komite Agrikòl Asanble a (Assembly Agriculture Committee), te deklare, "Mwen ta renmen felisite gayan New York Wine Classic 2022 yo. Konpetisyon sa a montre vinri klas mondyal New York yo epi selebre fabrikasyon diven etonan ki te pwodwi yo. Soti nan rejyon Diven Niagara Escarpment rive nan Finger Lakes ak desann nan Sid Fork nan Long Island, eksplwatasyon vitikòl New York yo gen yon bagay pou tout moun jwi."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwodiktè bwason atizanal Eta New York yo sipòte travay ak kwasans ekonomik, epi akeyi vizite atravè mond lan pou vizite operasyon yo epi pran echantyon pwodwi yo. Pandan New York Wine Classic anyèl la rekonèt sa ki pi bon nan eksplwatasyon vitikòl klas mondyal eta a, mwen remèsye tout vitikiltè k ap patisipe yo pou devouman yo ak paske yo pwomouvwa eta a kòm yon destinasyon bwason atizanal."

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te sipòte efò pou devlope endistri bwason atizanal New York la, [enkli yon plan pou legalize bwason pou pote ale an pèmanans, epi asire yon Otorite Likè Eta \(State Liquor Authority, SLA\) ki pi efikas](#). Gouvènè Hochul te anonse tou pwopozisyon pou mete ajou lwa sou alkòl eta a ak pou finanse amelyorasyon operasyonèl yo nan Otorite Alkòl Eta a pou revitalize endistri ospitalite plizyè milya dola eta a, youn nan endistri ke pandemi an te frape plis. Jodi a, genyen 496 eksplwatasyon vitikòl ki gen lisans atravè Eta a, ki gen pami yo 394 fèm eksplwatasyon vitikòl.

Konènan New York Wine & Grape Foundation Misyon New York Wine & Grape Foundation se ankouraje imaj mondyal rezen ak diven New York ki soti nan divès rejyon

nou yo pou benefisye fèmeye, pwodiktè ak konsomatè yo nan yon fason responsab atravè maketin, rechèch, kominikasyon ak defans inovan. Nou fè efò pou asire ke yo rekonèt Eta New York kòm premye rejyon nan mond lan pou vitikilti klima fre ak frèt. Pou aprann plis sou New York Wine Classic tanpri vizite www.newyorkwines.org/classic.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418